

## Ane Akademik 2019-20

# Kondisyon Eta New York pou Vaksinasyon pou Antre/Prezans nan Lekòl<sup>1</sup>

### NÒT:

Timoun ki nan yon klas pre-matènèl ta dwe pran vaksen ki apwopriye pou laj yo. Kantite dòz yo depann de kalandriye Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) yo rekòmande a. Pou klas pre-matènèl rive 11yèm, entèval yo ant dòz vaksen yo dwe fèt ann akò ak kalandriye vaksinasyon pou moun ki gen laj 0 rive 18 lane. Dòz yon timoun resevwa anvan laj minimòm li oswa anvan entèval tan yo pa valab epi yo pa konte pou kantite dòz ki endike anba la yo. Entèval ant dòz vaksen yo PA bezwen revize pou klas 12yèm, sof pou entèval ki ant dòz vaksen lawoujòl yo. Gade nòt anba paj yo pou jwenn sèten enfòmasyon pou chak vaksen. Timoun ki enskri nan fòmasyon ki anba klas yo ta dwe satisfè kondisyon vaksinasyon ki bon pou laj ki koresponn ak klas yo.

**Ou DWE li kondisyon pou dòz la avèk nòt anba paj kalandriye sa a.**

Vaksen yo	Pre-matènèl (Swen Lajounen, Head Start, Gadri oswa Pre-matènèl)	Matènèl ak Klas 1ye, 2yèm, 3yèm, 4yèm ak 5yèm	Klas 6yèm, 7yèm, 8yèm, 9yèm, 10yèm ak 11yèm	Klas 12yèm Ane
Vaksen ki gen anatoksin kont difteri ak tetanòs ak vaksen kont koklich (DTaP/ DTP/Tdap/Td) <sup>2</sup>	4 dòz	5 dòz ak 4 dòz si 4yèm dòz la te pran nan laj 4 lane oswa plis oswa 3 dòz si se 7 lane oswa plis epi seri yo te kòmanse nan laj 1 an oswa plis	3 dòz	
Vaksen ki gen anatoksin kont Difteri ak Tetanòs ak vaksen rapèl kont Koklich (Tdap) <sup>3</sup>	Pa aplikab		1 dòz	
Vaksen kont Polyomelit (IPV/OPV) <sup>4</sup>	3 dòz	4 dòz oswa 3 dòz si 3yèm dòz la te pran nan laj 4 lane oswa plis	4 dòz oswa 3 dòz si 3yèm dòz la te pran nan laj 4 lane oswa plis	3 dòz
Vaksen kont Lawoujòl, Malmouton ak Saranpyon (Measles, Mumps and Rubella, MMR) <sup>5</sup>	1 dòz	2 dòz		
Vaksen kont epatit B <sup>6</sup>	3 dòz	3 dòz	3 dòz oswa 2 dòz vaksen granmoun kont epatit B (Recombivax) pou timoun ki te pran dòz yo nan omwen 4 mwa entèval ant laj 11 rive 15 lane	
Vaksen kont Varisèl <sup>7</sup>	1 dòz	2 dòz		1 dòz
Vaksen konjige kont menengokòk (MenACWY) <sup>8</sup>	Pa aplikab		Klas 7yèm, 8yèm, 9yèm ak 10yèm: 1 dòz	2 dòz oswa 1 dòz si dòz la te pran nan laj 16 lane oswa plis
Vaksen melanje tip b kont Haemophilus influenzae (Haemophilus influenzae type b, Hib) <sup>9</sup>	1 a 4 dòz	Pa aplikab		
Vaksen konjige kont nemokòk (PCV) <sup>10</sup>	1 a 4 dòz	Pa aplikab		

1. Prèw apati sewòm pou antikò lawoujòl, malmouton, saranpyon, epatit B, varisèl oswa polyomelit (pou touletwa sewotip yo) se prèw iminite akseptab pou maladi sa yo. Dyagnostik yon doktè, yon asistan doktè oswa yon enfimye pratisyen fè ki montre yon timoun te gen maladi varisèl se yon prèw iminite ki akseptab pou varisèl.
2. Anatoksin kont difteri ak tetanòs ak vaksen aselilè kont koklich (DTaP). (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun ki kòmanse seri yo alè dwe resevwa seri vaksen DTap yo ki gen 5 dòz nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak nan 15 pou rive 18 mwa ak nan 4 lane oswa plis pase sa. Yo ta dwe resevwa katriyèm dòz la lè yo gen laj 12 mwa, depi omwen 6 mwa te pase depi lè yo te resevwa twazyèm dòz la. Men, timoun yo pa dwe pran katriyèm dòz la yon lòt fwa ankò si yo te resevwa li omwen 4 mwa apre twazyèm dòz DTap. Dènye dòz la nan seri yo dwe pran nan katriyèm anivèsè nesans la oswa apre.
  - b. Si katriyèm dòz DTap la pa te bay nan laj 4 an oswa plis, senkyèm dòz (anplis) vaksen DTap la pa obligatwa.
  - c. Pou timoun ki fèt anvan 1ye janvyè 2005, sèlman iminite pou difteri ki obligatwa ak dòz DT ak Td yo ka satisfè kondisyon sa.
  - d. Pou timoun ki gen 7 lane ak plis ki pa totalman iminize avèk seri vaksen DTap yo pandan peryòd anfans la dwe resevwa vaksen Tdap kòm premye dòz nan seri ratrapaj yo; si plis dòz nesèsè, itilize vaksen Td a. Si li te resevwa premye dòz la anvan premye anivèsè li, kidonk, gen 4 dòz ki obligatwa, a kondisyon li te resevwa dènye dòz la nan laj 4 an oswa plis. Si li te resevwa premye dòz la nan premye anivèsè nesans la oswa apre, kidonk, gen 3 dòz ki nesèsè, osi lontan ke li te resevwa dènye dòz la nan laj 4 an oswa plis. Yon vaksen Tdap (oswa yon vaksen DTap ki pa te bay kòrèkteman) ki te pran nan laj 7 an oswa plis pral satisfè kondisyon Tdap klas 6yèm nan.
3. Anatoksin kont tetanòs ak difteri ak vaksen aselilè kont koklich (Tdap). (Laj minimòm: 7 lane)
  - a. Elèv ki gen 11 lane oswa plis k ap antre nan klas 6yèm rive nan 12yèm gen obligasyon pou pran yon dòz Tdap. Yon dòz ki te pran nan laj 7 an oswa plis pral satisfè kondisyon sa.
  - b. Elèv yo ki gen 10 lane ki nan klas 6yèm epi ki poko resevwa yon vaksen Tdap, yo an règ jiskaske yo gen 11 lane.
4. Vaksen kont polyomelit ki pa aktive (IPV) oswa vaksen nan bouch kont polyomelit (OPV). (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun yo ki kòmanse seri yo alè dwe resevwa yon seri IPV nan 2 mwa, 4 mwa ak 6 mwa rive 18 mwa epi nan laj 4 lane oswa plis. Timoun yo dwe resevwa dènye dòz seri a lè yo gen laj 4tran oswa apre laj sa a epi omwen 6 mwa apre dòz anvan an.
  - b. Pou elèv ki te resevwa katriyèm dòz yo anvan laj 4 lane ak anvan 7 dawout 2010, 4 dòz ki separe pandan omwen pa 4 semèn ap sifi.
  - c. Si twazyèm dòz polyomelit la ki te pran nan laj 4 lane oswa plis epi omwen 6 mwa apre dòz anvan an, katriyèm dòz vaksen kont polyomelit la pa obligatwa.
  - d. Entèval yo ant dòz vaksen kont polyomelit la pa bezwen revize pou klas 12yèm nan ane lekòl 2019-20 an.
  - e. Si OPV ak IPV a te bay kòm yon pati nan yon seri, kantite total dòz ak entèval ant dòz yo se menm nan jan sa rekòmande pou kalandriye IPV nan Etazini. Si se sèlman OPV a ki te bay epi tout lòt dòz yo te bay anvan laj 4tran, 1 dòz IPV dwe bay nan laj 4 lane oswa plis ak omwen 6 mwa apre dènye dòz OPV a.
5. Vaksen kont lawoujòl, malmouton ak saranpyon (MMR) (Laj minimòm: 12 mwa)
  - a. Elèv la te dwe pran premye dòz vaksen kont MMR nan premye anivèsè li oswa apre. Elèv la te dwe pran dezyèm dòz la nan omwen 28 jou (4 semèn) apre premye la pou konsidere dòz la valab.
  - b. Lawoujòl: Li obligatwa pou pran yon dòz pou pre-matènèl. Li obligatwa pou pran de (2) dòz pou klas matènèl rive nan 12yèm.
  - c. Malmouton: Li obligatwa pou pran yon dòz pou pre-matènèl ak klas 12yèm. Li obligatwa pou pran de (2) dòz pou klas matènèl rive 11yèm.
  - d. Saranpyon: Li obligatwa pou pran omwen yon dòz pou tout klas yo (pre-matènèl rive nan 12yèm).
6. Vaksen epatit B
  - a. Yo ka bay timoun nan 1ye dòz la lè li fèt oswa nenpòt lè apre. Li obligatwa pou bay 2yèm dòz la omwen 4 semèn (28 jou) apre 1ye dòz la. 3yèm dòz la dwe bay omwen 8 semèn apre 2yèm dòz la AK omwen 16 semèn apre 1ye dòz la AK pa anvan laj 24 semèn.
  - b. De (2) dòz vaksen granmoun kont epatit B (Recombivax) ki te resevwa nan omwen 4 mwa entèval lè li te gen laj 11zan jiska 15zan ap satisfè kondisyon an.
7. Vaksen kont varisèl. (Laj minimòm: 12 mwa)
  - a. Elèv te dwe pran premye dòz vaksen kont varisèl nan premye anivèsè li oswa apre. Elèv la te dwe pran dezyèm dòz nan omwen 28 jou (4 semèn) apre premye yo konsidere premye dòz la valab.
  - b. Pou timoun ki gen mwens pase 13 lane, pi piti entèval ki rekòmande ant dòz yo se 3 mwa (si dezyèm dòz la te bay omwen 4 semèn apre premye dòz la, li ka akseptè kòm valab); pou moun ki gen 13 an ak plis, pi piti entèval ant dòz yo se 4 semèn.
8. Vaksen konjige kont menengokòk ACWY (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Yon dòz vaksen konjige kont menengokòk (Menactra oswa Menveo) obligatwa pou elèv k ap antre nan klas 7yèm, 8yèm, 9yèm ak 10yèm.
  - b. Pou elèv nan klas 12yèm, si li te resevwa premye dòz vaksen konjige kont menengokòk la nan laj 16 lane oswa plis, dezyèm dòz (anplis) la pa obligatwa.
  - c. Dezyèm dòz la te dwe pran nan laj 16 lane oswa plis. Pi piti entèval ant dòz yo se 8 semèn.
9. Vaksen konjige kont Haemophilus influenzae tip b (Hib) (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun yo ki kòmanse seri yo alè dwe resevwa vaksen Hib la nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak nan 12 rive nan 15 mwa. Timoun yo ki gen plis pase 15 mwa dwe jwenn ratrapaj yo selon kalandriye ratrapaj ACIP la. Dènye dòz la dwe pran nan 12 mwa oswa apre.
  - b. Si 2 dòz vaksen te pran anvan laj 12 mwa, sèlman 3 dòz ki obligatwa avèk 3yèm dòz la nan 12 rive 15 mwa ak omwen 8 semèn anvan 2yèm dòz la.
  - c. Si 1ye dòz la te pran nan laj 12 rive 14 mwa, sèlman 2 dòz ki obligatwa avèk 2yèm dòz la nan omwen 8 semèn apre 1ye dòz la.
  - d. Si 1ye dòz la te pran nan 15 mwa oswa plis, sèlman 1 dòz obligatwa.
  - e. Vaksen Hib la pa obligatwa pou timoun 5 lane oswa plis.
10. Vaksen konjige kont nemokòk (PCV) (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun yo ki kòmanse seri yo alè dwe pran vaksen PCV a nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak 12 rive 15 mwa. Timoun yo ki gen plis pase 15 mwa dwe jwenn ratrapaj selon kalandriye ratrapaj ACIP la. Dènye dòz la dwe pran nan 12 mwa oswa apre.
  - b. Timoun ki pa te vaksinen nan laj 7 rive 11 mwa dwe pran 2 dòz, omwen 4 semèn entèval, ki dwe gen yon twazyèm dòz apres nan 12 rive 15 mwa.
  - c. Timoun ki pa te vaksinen nan laj 12 rive 23 mwa dwe pran 2 dòz vaksen omwen nan 8 semèn entèval.
  - d. Si gen yon dòz vaksen ki te pran nan 24 mwa oswa plis, pa gen lòt dòz k ap obligatwa.
  - e. Pou jwenn lòt enfòmasyon, ale nan tablo PCV ki disponib nan Ti Liv Enstriksyon pou Sondaj nan Lekòl sou sitwèb: [www.health.ny.gov/prevention/immunization/schools](http://www.health.ny.gov/prevention/immunization/schools)

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:

**New York State Department of Health  
Bureau of Immunization  
Room 649, Corning Tower ESP  
Albany, NY 12237  
(518) 473-4437**

**New York City Department of Health and Mental Hygiene  
Program Support Unit, Bureau of Immunization,  
42-09 28th Street, 5th floor  
Long Island City, NY 11101  
(347) 396-2433**